

Eta New York
KOMISYON KONPANSASYON TRAVAYÈ

**ENSKRIPSYON POU PATISIPASYON NAN OPERASYON SEKOU, REDRÈSMAN AK/
OSWA NETWAYAJ NAN WORLD TRADE CENTER**
(Deklarasyon sou Sèman Dapre Lwa §162 sou Konpansasyon Travayè)

Tanpri li enfòmasyon jeneral ak eksplikasyon ki anba la yo nèt epi avèk anpil atansyon anvan ou ranpli Deklarasyon sou Sèman ki nan paj 3.

ENFÒMASYON JENERAL

1. Nan dat 14 out 2006, yo te adopte Atik 8-A Lwa sou Konpansasyon Travayè [Workers' Compensation Law (WCL)] pou ogmante tan pou yon "patisipan" nan operasyon sekou, redrèsman ak/oswa netwayaj nan World Trade Center ki soufri oswa ki ka soufri pidevan, nan yon "pwoblèm medikal admisib" pou fè yon reklamasyon konpansasyon travayè pou salè li pèdi ak avantaj medikal epitou pou pèmèt Komisyon an re-louvri reklamasyon yo refize anvan epi ki te depase dèlè. Yo te amande Atik 8-A pa twò lontan pou chanje definisyon "pwoblèm medikal admisib" epi pou ogmante dat limit enskripsyon an.
2. Yon "Patisipan nan operasyon sekou, redrèsman oswa netwayaj nan World Trade Center" (ki vle di "patisipan") defini nan WCL §161(1) kòm nenpòt:
 - (a) **anplwaye** ki nan pwosesis travay, oswa (b) volontè sou prezantasyon prèv ki satisfèzan ba Komisyon an ki endike li:
 - (i) te patisipe nan operasyon sekou, redrèsman oswa netwayaj nan chantye World Trade Center ant 11 septanm 2001 ak 12 septanm 2002, oswa
 - (ii) te travay nan Fresh Kills Land Fill nan Vil New York ant 11 septanm 2001 ak 12 septanm 2002, oswa
 - (iii) te travay nan mòg Vil New York oswa nan mòg pwovizwa nan pozisyon pilye sou bò lwès Manhattan ant 11 septanm 2001 ak 12 septanm 2002, oswa
 - (iv) te travay sou baj yo ant bò lwès Manhattan ak Fresh Kills Land Fill nan Vil New York ant 11 septanm 2001 ak 12 septanm 2002.
3. "Chantye World Trade Center" defini kòm "nenpòt kote ki anba yon liy ki kòmanse nan Hudson River ak Canal Street; lès sou Canal Street jiska Pike Street; sid sou Pike Street jiska East River; epi ki pwolonje sou pwent sid Manhattan."
4. Yon "pwoblèm medikal admisib" defini kòm "nenpòt nan maladi oswa pwoblèm medikal ki endike anba la a moun nan genyen paske li te ekspoze nan kondisyon danjere pandan patisipasyon li nan operasyon sekou, redrèsman oswa netwayaj nan World Trade Center:
 - (a) Maladi nan pati siperyè aparèy respiratwa ak maladi mizez yo, ansanm ak maladi tankou konjonktivit, rinit, sinizit, farenjit, larenjit, maladi kòd vokal, ipè-reyaktivite nan pati siperyè gòjèt, ak trakeyo-bwonchit, oswa yon melanj pwoblèm medikal sa yo;
 - (b) Maladi pati enferyè aparèy respiratwa, tankou men pa sèlman sa yo, bronchit, opresyon, sendwòm disfonksyon reyaktif gòjèt, ak diferan kalite nemoni, tankou ipè-sansiblite, anflamasyon granilomate, oswa asidofil;
 - (c) Maladi aparèy gastwo-efozajyen, paske moun nan te ekspoze oswa pwoblèm medikal li genyen an vin grav paske moun nan te ekspoze;
 - (d) Maladi aks sikolojik, tankou twoub estrès pòs-twomatik, gwo enkyetid, depresyon, oswa nenpòt melanj pwoblèm medikal sa yo; oswa
 - (e) Nouvo maladi ki kòmanse paske moun nan te ekspoze yon fason ki lakòz li gen maladi a pidevan, tankou kansè, maladi poumon obstriktif kwonik, maladi ki asosye avèk amyant, gwo anpwazònman nan metal, maladi misk-eskeletik ak maladi sikolojik kwonik.
5. Pou reklamasyon yon patisipan nan operasyon sekou, redrèsman oswa netwayaj nan World Trade Center annanoni avèk aplikasyon Atik 8-A Lwa sou Konpansasyon Travayè, patisipan an gen obligasyon pou enskri bòkote Komisyon Konpansasyon Travayè ("Komisyon" an). Patisipan an dwe ranpli fòm enskripsyon an (WTC-12) anvan 11 septanm 2018.
6. Pou patisipan an enskri, li dwe ranpli Deklarasyon sou Sèman an avèk presizyon ak onètete epitou li dwe depeze orijinal la nan Biwo Distri Komisyon an oswa nan Downstate Central Mailing Center (gade adrès ki anba la yo) anvan 11 septanm 2018.

EKSPLIKASYON

- A. Si ou te yon "patisipan" nan operasyon sekou, redrèsman, ak/oswa netwayaj nan World Trade Center, jan tèm sa a defini anwo a, ou gen obligasyon pou bay enfòmasyon Komisyon an mande yo nan Deklarasyon sou Sèman akonpayman an si ou te ekspoze nan kondisyon danjere ki lakòz w ap soufri, oswa ki ka lakòz w ap soufri pidevan, nan yon "pwoblèm medikal admisib" ou pral oswa ou ka oswa ou te ka fè yon reklamasyon pou avantaj konpansasyon travayè.

- B. Tanpri ranpli Deklarasyon sou Sèman an. Pou fè sa, bay enfòmasyon nou mande anba la a:
- Enfòmasyon 1** - Bay dènye adrès kay ou, ansanm ak nimewo apatman (si ou gen youn), nimewo kay la, non ri a, vil, eta, ak kòd postal. Bay adrès postal la si li diferan avèk adrès kay ou bay la. Sonje pou mete nimewo telefòn ou. Tanpri bay Nimewo Sekirite Sosyal ou ak dat ou fèt sou fòm mwa/dat/ane.
- Enfòmasyon 2** - Fraz sa a senpleman endike ou te patisipe nan operasyon sekou, redrèsman ak netwayaj nan World Trade Center ant 11 septanm 2001 ak 12 septanm 2002, nan chantye World Trade Center, Fresh Kills Land Fill, mòg oswa mòg pwovizwa Vil New York, oswa baj yo ant pwent lwès Manhattan ak Fresh Kills Land Fill.
- Enfòmasyon 3** - Endike si ou te patisipe nan operasyon sekou, redrèsman ak/oswa netwayaj World Trade Center kòm yon anplwaye (nan pwosesis travay ou pou salè) oswa kòm yon volontè (pa nan pwosesis travay ou, men avèk pwòp volontè ou san ou pa touche salè);
- Enfòmasyon 4** - Bay lis avèk yon ti deskripsyon nenpòt prèv aktivite ou yo kòm yon volontè, pa egzanzp, badj, lèt, deklarasyon, foto, adaptasyon, elatriye;
- Enfòmasyon 5** - Ranpli tablo a. Bay dat ak kote ou te patisipe nan operasyon sekou, redrèsman ak/oswa netwayaj nan World Trade Center dapre tout sa ou konnen. Dekri travay ou te fè nan chak kote nan dat la oswa nan dat yo lè ou te la. Bay non konplè ak dat patwon ou (yo) oswa ajans sekou/ajans volontè ou te sèvi kòm volontè pandan peryòd patisipasyon ou nan operasyon sekou, redrèsman ak netwayaj nan World Trade Center, epi si genyen ak si ou konnen, bay non konpayi asirans patwon ou; epi
- Enfòmasyon 6** - Endike si ou te fè yon reklamasyon konpansasyon travayè anvan bòkote Komisyon an konsènan patisipasyon ou nan operasyon sekou, redrèsman ak netwayaj nan World Trade Center. Si ou te fè youn, ou dwe mete dat ou te fè reklamasyon an ak nimewo dosye WCB.
- Enfòmasyon 7** - Enfòmasyon sa a endike ou rekonèt lè ou fè Deklarasyon sou Sèman, ak lè ou enskri kòm yon "patisipan," se pa menm bagay ak lè ou fè yon reklamasyon pou avantaj konpansasyon travayè. Pou fè yon reklamasyon pou avantaj yo, ou dwe soumèt Fòm C-3 oswa Fòm WTCVol-3 alè ba Komisyon an.
- Enfòmasyon 8** - Enfòmasyon sa a endike ou rekonèt lalwa bay sanksyon kont moun ki soumèt fo dokiman ekri ba Komisyon an epitou poutèt yo fè fo deklarasyon.
- C. Apre ou ranpli Deklarasyon sou Sèman an, tanpri revize li pou asire li serye ak egzatz.
- D. Siyen Deklarasyon sou Sèman an devan yon notè piblik. Ou dwe notarye siyati ou ki sou Deklarasyon sou Sèman an oswa ou dwe fè yon pwosesis konparab pou jiridiksyon kote ou ye a lè w ap siyen Deklarasyon sa a. Pa siyen Deklarasyon sou Sèman an jouk lè ou an prezans notè piblik la. TANPRI SONJE: depi sou siyen deklarasyon sa a, ou sèman epi ou konfime enfòmasyon ou bay yo ak deklarasyon ou fè yo se laverite anba menas sanksyon pou fo temwayaj. Ou deklare tou ou rekonèt lalwa prevwa sanksyon pou fo temwayaj, poutèt ou fè espere pou fè fo deklarasyon anrapò avèk yon reklamasyon asirans, epitou poutèt ou soumèt yon fo dokiman pou fè reklamasyon an.
- E. Ou dwe depoze orijinal Deklarasyon sou Sèman an bòkote Komisyon an anvan 11 septanm 2018 nan Adrès Postal Santralize Komisyon an: P.O. Box 5205, Binghamton, N.Y. 13902.

LÒT ENFÒMASYON

- F. Lè ou depoze Deklarasyon sou Sèman bòkote Komisyon an sa **PA** vle di ou fè yon reklamasyon pou avantaj konpansasyon travayè. Pou kapab fè yon reklamasyon pou konpansasyon travayè, ou dwe soumèt yon Fòm C-3 (Reklamasyon Anplwaye pou Konpansasyon) oswa fòm WTCVol-3 (Reklamasyon Volontè nan World Trade Center pou Konpansasyon) ba Komisyon an nan yon manyè ki apwopriye.
- G. **TANPRI SONJE:** Si ou te fè yon reklamasyon pou avantaj konpansasyon travayè ki gen pou wè ak patisipasyon ou nan operasyon sekou, redrèsman ak/oswa netwayaj nan World Trade Center, ki pa t jwenn apwobasyon Komisyon an paske ou pa t bay patwon ou preyavi alè oswa paske ou pa t fè yon reklamasyon bòkote Komisyon an nan dèlè ki akseptab la, Komisyon an ap relouvri epi rekonsidere reklamasyon an DEPI ou depoze Deklarasyon sou Sèman ou bòkote Komisyon an anvan dat 11 septanm 2018.
- H. **TANPRI SONJE:**
- "patisipan" an dwe enskri depi li depoze yon Deklarasyon sou Sèman bòkote Komisyon an anvan dat 11 septanm 2018, yon fason pou peryòd pwolonje pou li fè reklamasyon an aplike nan reklamasyon li.
 - Si yon "patisipan" te deja fè yon reklamasyon pou avantaj konpansasyon travayè pou yon "pwoblèm medikal admisib" ki pa t jwenn apwobasyon paske li te depase dèlè a epi kounye a ki pa depoze yon Deklarasyon sou Sèman bòkote Komisyon an, Komisyon an p ap ni re-louvri ni re-konsidere reklamasyon "patisipan" an. Men, yon reklamasyon yon patisipan nan operasyon sekou, redrèsman oswa netwayaj nan World Trade Center ki gen andikap li te pran ant 11 septanm 2012 ak 11 septanm 2015, pa dwe pa jwenn apwobasyon jan sa entèdi nan Seksyon 18 oswa Seksyon 28 chapit sa a si li te fè reklamasyon an nan dat 11 septanm 2018 oswa anvan dat sa a. Nenpòt reklamasyon yon patisipan nan operasyon sekou, redrèsman oswa netwayaj nan World Trade Center ki gen andikap li te pran ant 11 septanm 2012 ak 11 septanm 2015, epi ki pa t jwenn apwobasyon dapre Seksyon 18 oswa 28 chapit sa a dwe jwenn re-konsiderasyon Komisyon an.
 - Peryòd pwolonje pou fè yon reklamasyon ap aplike sèlman pou reklamasyon yon "patisipan" ki enskri depi li depoze yon Deklarasyon sou Sèman bòkote Komisyon an anvan dat 11 septanm 2018.

Enskripsyon pou Patisipasyon nan Operasyon Sekou,
Redrèsman ak/oswa Netwayaj nan World Center
(Deklarasyon sou Sèman Dapre Lwa §162 sou Konpansasyon Travayè)

ENSKRIPSYON AN PA VLE DI OU FÈ YON REKLAMASYON POU AVANTAJ KONPANSASYON TRAVAYÈ

Nan Zafè Enskripsyon

_____, Patisipan
(Prenon ou, dezyèm prenon ou ak non fanmi ou)

DEKLARASYON SOU SÈMAN

Konsènan Patisipasyon nan Operasyon Sekou,
Redrèsman, ak/oswa Netwayaj nan World Trade Center.

WCL§162

Eta _____)
(Eta/pwovens kote ou fè notarye Deklarasyon sa a)
_____) ss

Konte _____
(Konte a, oswa peyi a si ou deyò Etazini, kote ou fè notarye Deklarasyon sa a)

Mwen, _____ (ekri prenon, dezyèm prenon ak non fanmi ou an lèt detache) ki sèman kòm sadwa, depoze ak di:

1. Mwen Patisipan ki gen non mwen endike anwo a, epi m ap viv nan _____.
_____ (bay nimewo kay la ak non ri a, vil, eta, kòd postal ak peyi a si ou pa nan Etazini). Adrès postal mwen (si li diferan avèk adrès kay mwen se _____).
Nimewo telefòn mwen se _____ (kòd rejyonal, nimewo). Nimewo Sekirite Sosyal mwen se _____ (pa obligatwa) epi dat mwen fèt se _____.
2. Mwen te yon patisipan nan operasyon sekou, redrèsman ak/oswa netwayaj nan World Trade Center jan tèm sa a defini nan Lwa §161 (1) sou Konpansasyon Travayè. (Gade paj eksplikasyon an pou jwenn definisyon konplè a.)
3. Mwen te patisipe nan operasyon sekou, redrèsman ak/oswa netwayaj nan World Trade Center jan sa defini nan Lwa §161 (1) sou Konpansasyon Travayè kòm (endike si ou te patisipe kòm yon **anplwaye** oswa **volontè**) _____. (Yon moun te patisipe kòm yon **anplwaye** si li te nan pwosesis travay li epi si li te touche yon salè. Yon moun te patisipe kòm yon **volontè** si sa pa t konsène travay li pou yon patwon ki pa t mande li pou patisipe epi si moun nan pa t touche yon salè pou sèvis li te bay yo.)
4. Mwen gen prèv sa yo pou aktivite mwen te fè yo kòm yon volontè _____.
_____ (bay lis nenpòt prèv tankou foto, badj, lèt, elatriye pou aktivite volontè ou yo). (Si ou pa t patisipe kòm yon volontè, pase yon kwa sou paragraf sa a.)
5. Dat (yo) ak kote (yo) mwen te travay kòm yon patisipan, yon deskripsyon travay mwen te fè a, non ak adrès patwon mwen pandan mwen te yon patisipan oswa non ajans oswa enstitisyon ki te mande patisipasyon mwen kòm yon volontè, ak konpayi asirans lan, si genyen ak/oswa si mwen konnen li pou patwon mwen endike anba la a:

| Dat Mwen te Patisipe (yo) | Kote Mwen te Patisipe (yo) | Deskripsyon Travay mwen te Fè a | Non Patwon/ Enstitisyon oswa Ajans Sekou a | Adrès Patwon/ Enstitisyon oswa Ajans Sekou a | Non Konpayi Asirans Patwon (si ou konnen li) |
|---------------------------|----------------------------|---------------------------------|--|--|--|
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |

6. Mwen (deklare si ou **te oswa pa t**) _____ fè yon reklamasyon bòkote Komisyon Konpansasyon Travayè (ki rele "Komisyon") ki gen pou wè ak patisipasyon mwen nan operasyon sekou, redrèsman ak/oswa netwayaj jan sa defini nan Lwa §162 (1) sou Konpansasyon Travayè. Mwen te fè reklamasyon mwen nan dat _____ (dat ou te fè reklamasyon an bòkote Komisyon Konpansasyon Travayè) ak "Nimewo Dosye WCB" pou reklamasyon mwen te fè a se _____ (nimewo uit chif Komisyon Konpansasyon Travayè bay pou dosye a).
7. Mwen rekonèt si mwen depoze Deklarasyon sou Sèman sa a bòkote Komisyon an, mwen pa fè yon reklamasyon pou avantaj yo, epi Komisyon an p ap kreye yon dosye. Mwen rekonèt pou fè yon reklamasyon, mwen dwe soumèt alè ba Komisyon an Fòm C-3, Reklamasyon Anplwaye pou Konpansasyon, oswa Fòm WTCVol-3, Reklamasyon Volontè World Trade Center pou Konpansasyon.
8. Mwen rekonèt lalwa prevwa sanksyon pou fo temwayaj, poutèt mwen fè espere pou fè fo deklarasyon nan yon dokiman alekri yo ban mwen pou depoze nan yon enstitisyon piblik tankou Komisyon an, epitou poutèt mwen fè espere pou fè fo deklarasyon anrapò avèk yon reklamasyon pou asirans. Depi mwen siyen non anba la a, mwen sèmante epi mwen konfime enfòmasyon ak deklarasyon mwen fè yo se laverite, sinon m ap tonbe anba sanksyon pou fo temwayaj.

Mete Siyati ou

(avèk plim sèlman -- itilize plim ble ki gen biy, si li posib)

Fè devan mwen nan dat _____ jou
mwa _____, 20_____

Notè Piblik